

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Kumpulan manusa anu cicing di hiji wewengkon sarta maranéhna ngalakukeun interaksi atawa campur gaul jeung manusa lianna disebut masarakat. Saban kelompok masarakat tangtu miboga kabudayaan séwang-séwangan anu ngabédakeun manéhna jeung kelompok masarakat lianna.

Dina hakékatna manusa mangrupa mahluk sosial, hartina teu bisa hirup sosoranganan, tapi mikabutuh ayana jalma séjén pikeun hirup. Dina kahirupan masarakat bakal katémbong kabiasaan-kabiasaan dumasar kana akal budi nu dipiboga ku manusa. Saterusna ieu kabiasaan téh disebut kabudayaan. Tatalépana atawa hirupna hasil budaya biasa sok disebut tradisi, boh sacara tinulis boh sacara lisan.

Saluyu jeung kamekaran jaman. Kiwari loba tradisi nu geus mimiti tumpur, boh lantaran teu dipikawanoh deui boh lantaran hésé atawa euweuh sarana pikeun ngahirupkeunana. Salasahiji tradisi atawa produk budaya nu mimiti tumpur nya éta kaulinan barudak. Ieu hal katitén ku jarangna barudak, boh di pilemburan boh di kota nu masih kénéh ngaulinkeun kaulinan barudak. Kaulinan barudak geus mimiti ditinggalkeun lantaran kaeréh ku kaulinan-kaulinan modérn saperti HP, internét, PS, jeung sajabana.

Ditilik tina cara sumebarna sarta cara ngawariskeunna, kaulinan barudak kaasup kana tradisi lisan. Tradisi lisan nya éta kagiatan budaya tradisional hiji masarakat nu diwariskeun sacara turun-tumurun ngaliwatan média lisan ti hiji generasi ka generasi nu lian, boh éta tradisi mangrupa susunan kekecapan lisan (*verbal*) boh tradisi lian nu teu lisan (*non-verbal*) (Sibarani, 2012, kc. 123). Pamadegan yén kaulinan barudak salaku tradisi lisan dumasar kana ébréhan Sibarani (2012, kc 124) nu ngasupkeun kaulinan barudak salaku salasahiji wujud tina tradisi lisan.

“Wujud tradisi lisan itu dapat berupa (1) tradisi berkesusastraan lisan, (2) tradisi pertunjukan dan permainan rakyat, (3) tradisi teknologi tradisional, (4) tradisi pelambangan atau simbolisme, dan (5) tradisi musik rakyat.”

Saméméh kaulinan modérn datang, barudak leutik di tatar Sunda boga rurupaning kaulinan pikeun ngeusian waktu ulin maranéhna sabada diajar atawa mantuan kolotna. Kaulinan barudak téh mangrupa kamonésan anu mindeng dilakukeun ku barudak dina mangsa keur rinéh (il. Su.m.wikipedia.org).

Kaulinan barudak miboga sawatara ciri nu mangrupa ciri tradisi lisan, diantaranya nya éta (1) kabiasaan nu wangunna lisan, sabagéan lisan, sarta lain lisan, (2) ngabogaan peristiwa atawa kagiatan salaku kontéksna, (3) bisa dititén sarta ditongton, (4) sipatna tradisional, (5) diwariskeun sacara turun-tumurun, (6) proés nepikeunana ku media lisan atawa “tina baham kana ceuli”, (7) di jerona aya ajén-ajén budaya salaku kaarifan lokal, (8) ngabogaan versi atawa variasi, (9) aya poténsi pikeun dirévitalisasi sarta sacara rancagé dijadikeun sumber industri budaya, sarta (10) dipimilik ku komunitas nu tangtu (Sibarani, 2012, kc. 123-124). Nilik tina ciri-ciri kaulinan barudak, aya sawatara hal anu bisa diguar, diantaranya nya éta ajén-ajén budaya nu aya dina kaulinan sarta poténsi révitalisasina sangkan kaulinan barudak bisa hirup tur hurip deui di masarakat.

Ajén-ajén budaya nu bisa diguar tur luyu jeung kamekaran kiwari nya éta ajén atikanna nu mangrupa bagian tina étnopédagogik. Alwasilah (2009, kc. 50) nétélakeun yén étnopédagogik mangrupa prakték atikan nu basisna kaarifan lokal dina rupa-rupa hal. Rupa-rupa hal éta bisa ngawengku cara ngubaran rupa-rupa panyakit, seni béla diri, lingkungan hirup, sistem tatanén, ékonomi, pamaréntahan, sistem palintangan, jeung sajabana. Ti dinya bakal mekar étnofilosofis, étnopsikologi, étnomusikologi, étnopolitik, jste.

Étnopédagogik nyawang pangaweruh jeung kaarifan lokal (*local knowledge, local wisdom*) salaku sumber inovasi jeung kamahér nu bisa dimekarkeun pikeun karaharjaan jalma réa. Kaarifan lokal mangrupa kumpulan fakta, konsép, kapercayaan, jeung persépsi masarakat kana dunya sabudeureunana. Ieu hal ngawengku cara nalungtik jeung ngukur alam sabudeureun, ngaréngsékeun

pasualan, jeung maluruh informasi. Singgetna, kaarifan lokal mangrupa hiji prosés hubungan jeung pangaweruh nu dihasilkeun, disimpen, dilarapkeun, diolah, jeung diwariskeun.

Ku beuki leungitna kaulinan barudak, dipikahariwang ayana kamunduran karakter-karakter barudak lantaran teu dilatih tur dididik sacara alami tanpa ayana paksaan. Ieu hal geus mimiti némbongan, diantaranya waé barudak jaman kiwari geus beuki nyirorot sopan santunna. Sarta sikep sosial barudak nu beuki ilang, nu leuwih mucunghul kiwari nya éta sikep *individualis* alatan pangaruh kaulinan-kaulinan modérn. Salian tina pangaruh kaulinan modérn, leungitna kaulinan barudak ogé kapangaruhan ku kurang kapaduliannana kolot kana pentingna kaulinan barudak dina ngawangun karakter budak. Kiwari loba anggapan yén leuwih hadé barudak cicing di imah bari ngomé komputer, PS, jeung sajabana tibatan liar di luar. Teu padulina kolot kana pentingna kaulinan barudak bisa disababkeun ku teu pahamna kana ajén-ajén nu nyangkaruk dina kaulinan barudak.

Panalungtikan ngeunaan kaulinan barudak tinangtu geus réa pisan, boh wangun skripsi boh wangun tésis. Diantarana waé nya éta:

1. Skripsi Dédé Priana Putra “Ajén Sosiologis Kaulinan Tradisional di Désa Sukatali Kacamatan Situraja Kabupatén Sumedang” taun 2008.
2. Skripsi Januar Prayitno “Kaulinan Barudak Lembur di Kacamatan Setu Kabupatén Bekasi” taun 2009.
3. Skripsi Érlan Permata Sari “Ajén Falsafah dina Kaulinan Tradisional Sunda di Kacamatan Batujajar pikeun Pangajaran Siswa Kelas VIII di SMP Bhakti Mulya Batujajar Kabupatén Bandung” taun 2011.
4. Skripsi Astri Handayani “Struktur dina Kaulinan Tradisional di Désa Pagerwangi Kacamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VIII” taun 2014.
5. Tésis Dwi Juniarti Lestari “Model Pembelajaran Tematik “Kaulinan Barudak” Sunda Untuk Meningkatkan Kecerdasar Sosial Anak” taun 2014.

6. Tésis Dési Triyani “Ajén Budaya dina Kaulinan Barudak Pikeun Modél Atikan Karakter di Sakola Dasar” taun 2014.

Tina panalungtikan-panalungtikan ngeunaan kaulinan barudak nu dipilampah kunu séjén, can aya nu maluruh atawa nalungtik kaulinan nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang Kabupatén Sumedang.

Sedengkeun panalungtikan nu kungsi aya ngeunaan ajén étnopédagogik nya éta dina wangun tésis nu judulna “Ajén-ajén Étnopédagogik dina Dongéng di Kota Tasikmalaya: Ulikan Struktural jeung Hermeuneutik” kénging Wiwin Widaniawati taun 2012.

Saméméh maluruh étnopédagogik nu aya dina kaulinan barudak, kudu ngumpulkeun (*inventarisir*) heula kaulinan nu rék dipaluruh. Ngumpulkeun data kaulinan barudak diayakeun di Kacamatan Conggéang Kabupatén Sumedang. Dipilihna Kacamatan Conggéang lantaran ieu kacamatan kawilang nyingkur, jauh ti puseur dayeuh, jadi dipiharep loba kénéh kaulinan barudak nu hirup di ieu wewengkon.

Sabada dikumpulkeun kaulinan-kaulinan nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang, tuluy dianalisis struktur kaulinanna pikeun ngénténgkeun dina ngainterprétasikeun atawa maluruh ajén-ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina éta kaulinan. Nu dimaksud struktur dina ieu panalungtikan nya éta unsur-unsur pangwangun kaulinan barudak. Wangun kaulinan barudak diwengku ku struktur, élemén, jeung kondisi. Struktur ngawengku *penamaan* jeung peristiwa atawa prak-prakan kaulinan. Élemén ngawengku palaku, waktu, pakakas, jeung musik. Sedengkeun kondisi nya éta kondisi atawa kaayaan nalika ngaulinkeun éta kaulinan.

Ku kituna, dumasar kana kasang tukang, nu nyusun nyokot judul “Kaulinan Barudak di Kacamatan Conggéang Kabupatén Sumedang (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan ngan saukur ngadéskrripsikeun struktur kaulinan barudak nu kapanggihn nya éta (1) ngaran kaulinan, (2) waktu, (3) tempat, (4) palaku nu ngawengku jumlah, umur jeung jenis kelamin, (5) pakakas, sarta (6) prak-prakan arulin nu ngawengku prosés tatahar, prung ulin, jeung réngsé ulin. Tina struktur kaulinan nu kapaluruh, satuluyna ngaguar ajén étnopédagogik nu mangrupa ajén moral dumasar kana konsép Warnaén, sarta 18 ajén karakter bangsa. Ajén moral ngawengku (1) moral manusa ka pangéran, (2) moral manusa ka dirina, (3) moral manusa ka manusa, (4) moral manusa ka alam, (5) moral manusa ka waktu, sarta (6) moral manusa dlina ngahontal kasugemaan lahir batin. Ajén karakter bangsa ngawengku (1) *religious*, (2) *jujur*, (3) *toleransi*, (4) *disiplin*, (5) *kerja keras*, (6) *kreatif*, (7) *mandiri*, (8) *demokratis*, (9) *rasa ingin tahu*, (10) *semangat kebangsaan*, (11) *cinta tanah air*, (12) *menghargai prestasi*, (13) *bersahabat/komunikatif*, (14) *cinta damai*, (15) *gemar membaca*, (16) *peduli lingkungan*, (17) *peduli sosial*, sarta (18) *tanggung jawab*.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, ieu masalah téh dipertélakeun dina wangun patalékan, nya éta:

- 1) Kaulinan barudak naon waé nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang?
- 2) Kumaha struktur kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang?
- 3) Ajén étnopédagogik naon waé nu nyangkaruk dina kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang?
- 4) Kumaha fungsi kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang,
- 2) struktur kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang,
- 3) ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang, jeung
- 4) fungsi kaulinan barudak nu aya di wewengkon Kacamatan Conggéang.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

#### 1) Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa:

- (1) Ngabeungharan pangaweruh perkara ulikan kabudayaan jeung tradisi Sunda, utamana dina wengkuan tiori-tiori kajian étnopédagogik.
- (2) Aplikasi ulikan struktur pertunjukan dina kaulinan barudak.
- (3) Aplikasi ulikan étnopédagogik dina kahirupan nu nyampak di masarakat.

#### 2) Mangpaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga mangpaat praktis, diantarana:

- (1) Pikeun Panalungtik
 

Nambahan pangalaman dina prosés panalungtikan budaya, utamana dina produk budaya nu mangrupa tradisi nu hirup di masarakat.
- (2) Pikeun Pangajaran
 

Nambahan pangdeudeul ulikan, utamana ulikan ngeunaan ajén moral jeung karakter bangsa.
- (3) Pikeun Sakola
 

Ku ayana panalungtikan ieu, dipiharep bisa nambahan référénsi kajian, utamana dina pangajaran di sakola.

## **1.5 Sistematika Tulisan**

ABSTRAK

PANGJAJAP

DAPTAR EUSI

DAPTAR TABÉL

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.5 Sistematika Tulisan

BAB II KAJIAN PUSTAKA

2.1 Konsép nu Diulik

2.2 Panalungtikan Saméméhna

2.3 Posisi Tioritis Panalungtik

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 *Desain* Panalungtikan

3.2 Sumber Data

3.3 Instrumén Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

3.5 Téhnik Analisis Data

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN HASIL

PANALUNGTIKAN

4.1 Hasil Panalungtikan

4.2 Pedaran Hasil Panalungtikan

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, jeung RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

5.2 Implikasi

5.3 Saran

DAPTAR PUSTAKA

RIWAYAT HIRUP

Muhamad Yogi Hamdani, 2015

**KAULINAN BARUDAK DI KACAMATAN CONGGÉANG KABUPATEN SUMEDANG**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)